

**Ngecakake Teknik Teka-Teki Silang Kanggo Ngundhakake Kawasian Nggunakake Ragam Basa Krama
Sajrone Katrampilan Wawancara Siswa Kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk**

**NGECAKAKE TEKNIK TEKA-TEKI SILANG KANGGO NGUNDHAKAKE KAWASIAN
NGGUNAKAKE RAGAM BASA KRAMA SAJRONE KATRAMILAN WAWANCARA
SISWA KELAS VIII C SMP NEGERI 1 PATIANROWO NGANJUK**

Sulikanah, Dra. Sri Sulistiani, M.Pd

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

sulikanah94@gmail.com

Abstrak

Adhedhasar asil panliten prasiklus ing kelas VIII C SMPN 1 Patianrowo Nganjuk ditemokake perkara sajrone pasinaon micara ing katrampilan wawancara. Sebabe, kurange teknik pasinaon kang bisa narik kawigatene siswa. Mula saka iku, panliten ngecakake teknik teka-teki silang kanggo ngundhakake kawasian micara basa krama ing katrampilan wawancara.

Adhedhasar landhesane panliten, underane panliten yaiku (1) kepriye undhak-udhakane aktivitas guru sajrone pasinaon kawasian micara wawancara ragam basa krama lumantar teknik TTS, (2) kepriye undhak-undhakan aktivitas siswa sajrone pasinaon kawasian micara wawancara ragam basa krama lumantar teknik TTS, lan (3) kepriye undhak-undhakan katrampilan nggunakake ragam basa krama sajrone pasinaon kawasian micara wawancara ragam basa krama lumantar teknik TTS. Tujuwan saka panliten iki, yaiku; (1) ngandharake undhak-undhakan katrampilan guru sajrone pasinaon kawasian micara wawancara ragam basa krama, (2) ngandharake undhak-undhakan aktivitas siswa sajrone pasinaon kawasian micara wawancara ragam basa krama lumantar teknik TTS, lan (3) ngandharake undhak-undhakan asil pasinaon siswa sajrone pasinaon kawasian micara wawancara ragam basa krama.

Tintingan kapustakan ngandharake tintingan panliten kang saemper lan teori sarta konsep kang gegayutan karo underaning panliten yaiku kawasian, tetembungan, ragam krama, teknik TTS, micara, wawancara. Panliten iki nggunakake rancangan panliten tindakan kelas kang kaperang saka rong siklus. Saben siklus kaperang saka petang tahapan. Subjek panlitian yaiku guru lan siswa kelas VIII C SMPN 1 Patianrowo Nganjuk. Tata cara pangumpulan dhata, nggunakake tenik tes lan teknik observasi. Analisis dhata nggunakake analisis dhata kualitatif (dhata asil observasi) lan analisis dhata kuantitatif (dhata asil tes).

Asil observasi katrampilan guru sajrone siklus I nuduhake menawa biji 70 mundhak dadi 93 ing siklus 2. Asil katrampilan siswa ing siklus 1 oleh biji 53 mundhak dadi 80. Asil tes katrampilan micara wawancara siswa, prasiklus ngolehake biji rata-rata 57,96. Banjur sajrone siklus I rata-rata biji 72,59 lan siklus II ngolehake skor rata-rata 81,3 kanthi ketuntasan klasikal 81,48% (22 siswa tuntas) saka total 27 siswa. Adhedhasar asil panliten, pasinaon katrampilan micara wawancara ragam basa Jawa krama kanthi teknik TTS bisa ngundhakake katrampilan guru, aktivitas siswa, lan asil pasinaon siswa kelas VIII C SMPN 1 Patianrowo Nganjuk.

Tembung Wigati: kawasian, tetembungan, ragam krama, teknik TTS, micara, wawancara

PURWAKA

Landhesane Panliten

Sajrone pasinaon basa Jawa ing tingkat Sekolah Menengah Pertama (SMP) ragam basa Jawa krama dadi materi pelajaran kang wajib diwulangake marang siswa. Kawasian nggunakake ragam basa Jawa krama kasebut banget dibutuhake sajrone pasinaon katrampilan micara. Pasinaon micara ing SMA kaperang saka: (1) pacelathon adhedhasar gambar, (2) wawancara, (3) cerita, (4) pidhati, lan (5) Diskusi (Nurgiyantoro, 2002: 278-291). Gandheng karo katrampilan micara kasebut pasinaon katrampilan wawancara trep banget menawa dicakake marang siswa sajrone sarana sinau kanggo komunikasi. Nindakake wawancara kanthi pribadi utawa klompok, gumantung kahanan lan karakter siswa. Nanging ing kasunyatané, ora sekabehe siswa bisa nindakake wawancara kanthi bener adhedhasar tata aturan basa Jawa kanthi ragam basa kang bener.

Mula saka kuwi, sajrone pasinaon katrampilan wawancara kanthi nggunakake ragam basa krama ing kelas VIII bakal dipunjerake ing kawasian nggunakake tetembungan ragam basa krama sajrone katrampilan

wawancara minangka dhasar micara kanthi ragam basa krama. Adhedhasar asil survei tumrap pasinaon nulis naskah drama ing kelas VIII C nuduhake menawa siswa kang bijine nggayuh wates KKM cacahe mung 9 siswa (25%) saka 27 siswa. Kahanan iki nuduhake menawa sajrone proses lan asil, pasinaongan nulis naskah drama ing kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk durung kasil.

Adhedhasar andharan kasebut, panliti nduweni pamawas menawa ngecakake teknik teka-teki silang sajrone pasinaon kawasian nggunakake tetembungan ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara. Teknik teka-teki silang sajrone panliten iki dikarepake bisa narik kawigaten siswa lan aweh motivasi tumrap siswa. Guru uga bisa mbimbing siswa ngertené tetembungan ragam basa krama kanthi gampang lan nyenengake. Langkah iki dikarepake bisa ngowahi minat siswa nyinaoni basa Jawa mligine ing kawasian nggunakake ragam basa krama, saengga siswa bisa ngancik ketuntasan sajrone pasinaon katrampilan wawancara.

Adhedhasar bab kasebut panulis bakal nindakake Panliten Tindakan Kelas (PTK) kanthi irah-

irahan “Ngecakake teknik Teka-teki Silang kanggo Ngundhakake Kawasian nggunakake Ragam Basa Krama Sajrone Katrampilan Wawancara Siswa Kelas VIII C SMPN 1 Patianrowo Nganjuk”

Underane Panliten

Adhedhasar andharan lelandhsan panliten ing ndhuwur, underane panliten sajrone panliten iku, yaiku:

- (1) Kepriye undhak-undhakane keaktifan guru kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk sajrone kawasian nggunakake ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara lumantar TTS?
- (2) Kepriye undhak-undhakane keaktifan siswa kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk sajrone kawasian nggunakake ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara lumantar TTS?
- (3) Kepriye undhak-undhakane asile pasinaon siswa kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk sajrone kawasian nggunakake ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara lumantar TTS?

Hipotesis Tindakan lan Pamecahe Prakara

Hipotesis Tindakan

Hipotesis tindakan kang karumusake, yaiku:

“Teknik Teka-teki Silang bisa ngundhakake kawasian siswa kelas VIII C SMPN Patianrowo sajrone pasinaon nggunakake ragam basa karma sajrone katrampilan wawancara”.

Rencana Pamecahe Prakara

Alternatif kang katindakake kanggo ngrampungake prakara kurange asile pasinaon siswa sajrone katrampilan wawancara kanthi ragam basa krama katindakake kanthi teknik TTS. Langkah-langkah sajrone hipotesis tindkan kasebut, yaiku:

Nyusun RPP adhedhasar pasinaon kanthi teknik TTS.

- (1) Nyiyapake sarana kang nyengkuyung pamulanan katrampilan wawancara kanthi ragam basa krama.
- (2) Nindkakae pasinaon salaras karo RPP.

Langkah-langkah nindkake pasinaon katrampilan wawancara kanthi ragam basa krama kanthi teknik TTS miturut Soeparno (1998: 72), yaiku:

- (1) Nggawe kothak-kothak,
- (2) Kothak-kothak kasebut diisi kanthi tembung nganggo petelot.
- (3) Saben kotak kang isine aksara, aksara wiwitna kudu diwenehi nomer,
- (4) Sabanjure awit nggawe soal lan pitakonane,
- (5) Sawise sekabehane pitakonan wis kasusun, kothatk-kothak kang ora kaisi aksara banjur diwenehi arsiran utawa uga bisa dibusek,
- (6) Mbusek sekabehane aksara ing tahap wiwitna, mung ana nomer kotak.
- (7) Mindhah TTS ing kertas liya kang resik, banjur diperbanyak.

Tujuwane Panliten

Adhedhasar underane panliten ing ndhuwur, banjur bisa dingertenan tujuwane panliten, yaiku:

- (1) Ngandharake undhak-undhakane keaktifan guru kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk sajrone kawasian nggunakake ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara lumantar TTS.
- (2) Ngandharake undhak-undhakane keaktifan siswa kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk sajrone kawasian nggunakake ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara lumantar TTS.
- (3) Ngandharake undhak-undhakane asile pasinaon siswa kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk sajrone kawasian nggunakake ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara lumantar TTS.

Paedahe Panliten

Panliten iku, dikarepake bisa weneh maneka paedah mligine kanggo murid, guru, lan sekolah. Paedah sajrone panliten kaandharake mangkene.

- (1) Kanggo lembaga/ sekolah

Kanthal asil panliten iku dikarepake bisa dadi bahan tetimbangan sajrone ngrembakake kurikulum sekolah. Kajaba iku, TTS minangka salah sawijine cara kango ngudnhakake kuwalitas pasinaon ing sekolah mligine ing SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk.

- (2) Kanggo guru

Saka asil panliten iku, dikarepake bisa weneh paedah tumrap guru mligine bisa weneh seserepan kango guru basa Jawa ngenani salah sawijine teknik pasinaon basa Jawa kang salaras karo wewategan cara pasinaonane murid lan konsep-konsep basa Jawa.

- (3) Kanggo siswa

Lumantar panliten iku dikarepake bisa ningkatake prestasi ing babagan pasinaonan basa Jawa, mligine ing kawasian nggunakake tetembungan ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara. Saliyane kuwi kanthi teknik teka teki silang (*crossword puzzle*) dikarepake para siswa bisa ngertenan pasinaon basa Jawa kanthi cara kango gampang lan nyenengake saengga bisa tambah ngertenan lan paham ngenani tetembungan ragam basa krama.

Wewatesane Tetembungan

Wewatesan tetembungan ing panliten iku dikarepake bisa ngedohake saka salah teges anggone negesi tetembungan sajrone judhul panliten. Mula saka kuwi wewatesane tetembungan ing panliten iku, yaiku:

- (1) Teknik Pasinaon, yaiku cara kango dinggo sawijining uwong kanggo ngimplementasikake sawijining metodhe kanthi cara kango spesifik (Kemp sajrone Kunandar, 2008:126).
- (2) Teknik Teka-teki Silang (*crossword puzzle*) TTS, yaiku sawijining dolanan kanthi tata cara ngisi kothak-kothak kothong kanthi aksara-aksara supaya dadi tembung adhedhasar arahan kang kaperang saka arahan mandhuwur lan mangisor (Soeparno, 1988: 60).
- (3) Ragam Basa Krama, yaiku wujud unggah-ungguh basa Jawa kang nduwensi inti leksikon krama, kang

- dadi unsur inti sajrone ragam basa krama (Sasangka, 2004:104).
- (4) (Katrampilan Wawancara, yaiku salah sawijining cara kanggo ngumpulake dhata kanthi weneh pitakonan langsung marang sawijining wong kang ngerti (ahli) ing sawijining bidhang tartamtu (Keraf, 2001: 278-291)

TINTINGAN KAPUSTAKAN Ragam Basa

Basa Jawa nduweni maneka werna ragam basa adhedhasar panganggone basa. Kang kaya mangkono kuwi biasa sinebut unggah-ungguh basa. Ing ngisor iki kaandharake maneka faktor kang njalari anane ragam basa kasebut (Harjawiana lan Supriyono, 2011: 13).

- (1) Faktor umur, bocah kang luwih enom ngajeni wong kang luwih tuwa.
- (2) Faktor paseduluran, wong kang luwih enom ing paseduluran kudu ngormati sedulur kang luwih tuwa.
- (3) Faktor derajad pangkat, murid marang guru.
- (4) Faktor derajad kasugihan, wong biasa marang sodhagar.
- (5) Faktor keturunan, wong saka turun saka kraton bakal luwih diajeni.
- (6) Faktor kualitas pribadi, tuladhane kayata cendhikiawan, sarjana.
- (7) Faktor pertemuan, kerep lan orane pawongan ketemu karo pawongan liyane.

Sajrone basa Jawa, ragam miturut unggah-ungguhe basa ana petang peranga kang isih dienggo dening wong Jawa ing jaman saiki, yaiku Basa Ngoko, Basa Madya, Basa Krama, lan Basa Kedhaton (Setyanto, 2007: 26-27).

- (1) Ragam Basa Ngoko, kaperang saka ngoko lugu lan ngoko alus.
- (2) Ragam Basa Madya, kaperang saka madya ngoko, madya krama, lan madyantara.
- (3) Ragam Basa Krama, kaperang saka mudha krama, kramantara, wredha krama, krama inggil, lan krama desa.
- (4) Ragam Basa Kedhaton, mung kaperang saka basa bagongan

Jinis Ragam Basa

Miturut Kartoamidjojo (sajrone Sudaryanto, 1991: 5) golongan pemudha ing dasawarsa kalima mayoritas wis ora nggatekake unggah-ungguh basa, wujud krama inggil kang memper mudha krama kang wis jarang dienggo ing Surakarta.

Ing periodhe Jawa modern, undha -usuk basa Jaman Kejawen kang uwis ora cocok, saengga ora dienggo maneh. Ragam basa kang digatekake mung kari rong tingkatan mung dibedhakake adhedhasar ana ora anane basa kang kadhare alus (Sudaryanto, 1991: 5). Ragam basa kuwi, yaiku ragam basa ngoko kang kaperang saka ragam basa ngoko alus lan ngoko lugu. Ragam basa krama kaperang saka ragam basa krama lugu lan krama inggil. Ragam Basa Jawa Krama ing Jaman Modern, Miturut Bimo (sajrone Rohmadi, 2011, 286) menawa basa Jawa Krama minangka ragam basa

Jawa kang tetembunganne kaperang saka tetembungan krama lan krama inggil kanggo uwong kang dihormati. Basa krama nduweni tingkatan kang luwih ndhuwur dibandhingake karo ngoko.

Krama Alus

Minangka tingkatan basa kang paling endhek sajrone periodhe modern kang nduweni kadhar kealusinan endhek. Krama alus minangka basa kang tetembunganne nggunakake campuran antarane tembung krama lan tembung alus adhedhasar lawan tuturane.

Basa Ngoko : Calon bojone Pak Ali tuku jeruk, apel, lan pelem

Basa Krama-alus : Calon semahipun Pak Ali mundhut jeruk, apel, kaliyan Pelem

Basa krama alus, biasa dinggo kanggo cecaturan karo wong liya kang nduweni status utawa derajad kang luwih dhuwur, banjur uga asring dinggo kango weneh sambutan, pranata cara, kang mbuthuhake unggah ungguh kang jangkep (Harjawiyana lan Supriyono, 2011: 102)

Krama Lugu

Andayani (dalam Rohmadi, 2011: 89) nerangake menawa kanthi sistematis, ragam basa krama lugu bisa ditegesi minangka sawijining wujud ragam krama kang kadhar aluse endhek. Nanging menawa dibandhingake kanthi ngoko alus, ragam basa krama lugu isih nuduhake kadhar kealusinan.

Krama lugu yaiku basa kang tetembunganne nggunakake krama sekabehane kecampuran karo krama inggil. Tuladhane kaya ing ngisor iki.

Basa Ngoko : Ibu tuku jeruk lan apel
J W

Basa Krama : Ibu tumbas jeruk kaliyan apel
J W

Keterangan : *wasesa* kang dinggo sajrone krama dudu *mundhut* nanging *tumbas amarga tembung mundhut* minangka *tembung krama alus*.

Kawasisan Nggunakake Tetembungan Ragam Basa Krama Sajrone Katrampilan Wawancara

Wektu saiki, mata pelajaran basa Jawa diwulangake ing tingkat Sekolah Menengah Pertama. Bab iki sarujuk karo program pamarentah wajib belajar 12 taun. Adhedhasar kurikulum tingkat satuan pendidikan (KTSP) 2006, basa Jawa minangka muatan lokal wajib kango kudu diwulangake marang siswa SMP. Minangka salah sawijine muatan lokal ing tingkat SMP, dikarepake pasinaon basa Jawa mligine materi pasinaon tetembungan ragam basa krama bisa aweh maneka guna kaya ing ngisor iki.

- (1) Kanthi pasinaon basa Jawa, siswa dikarepake bisa mbangun karesnane marang budaya Jawa. Budaya Jawa minangka salah sawijine budaya kang kalebu ing kabudayan Indonesia.
- (2) Kanthi pasinaon basa Jawa, dikarepake bisa aweh panyengkuyung ing babagan unggah-ungguh siswa. Awit saka tuturan tumeka ing tindakan.

Gandheng karo kaloro guna ing ndhuwur, mula kewasisan tetembungan ragam basa krama dadi

perangan kang penting sajrone dhasar tuturan basa Jawa. Mula saka kuwi kawasican nggunakake tetembungan ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara kudu diulangake marang siswa SMP. Ngaraj (1996: 183) sajrone Cahyo (2011: 53) ngandharake menawa butuh anane ketlatenan kanggo mulangake tetembungan marang siswa. Konsekvensine para guru kudu akeh kawigaten kang luwih marang teknik pasinaon tetembungan lan mutusake teknik kang apik tumrape siswa.

Teknik Teka-teki Silang

TTS isine kothak-kothak kang kasusun manengen lan mangisor. Kothak-kothakan kasebut kasusun adhedhasar aksara kang dibutuhake. Supaya bisa ngisi TTS , siswa kudu nduweni strategi kang bener. Siswaora mung bisa mangsuli pitakonan, nanging wangslulan kasebut kudu salaras karo perangane kakothak sarta ana sesambungane karo kothak liyane. Mula saka kuwi, siswa dituntut nduweni tetembungan kang amba sarta kejelian lan ketep atan kanggo nyelarasake karo perangan kothat kang sumedya.

Soeparno (1998: 72) ngandharake menawa langkah-langkah sajrone nggawe lan nyusun teka-teki silang, yaiku:

- (1) Nggawe kothak-kothak,
- (2) Kothak-kothak kasebut diisi kanthi tembung nganggo petelot.
- (3) Saben kotak kang isine aksara, aksara wiwitan kudu diwenehi nomer,
- (4) Sabanjure awit nggawe soal lan pitakonane,
- (5) Sawise sekabehane pitakonan wis kasusun, kothatk-kothak kang ora kaisi aksara banjur diwenehi arsiran utawa uga bisa dibusek,
- (6) Mbusek sekabehane aksara ing tahap wiwitan, mung ana nomer kotak.
- (7) Mindhah TTS ing kertas liya kang resik, banjur diperbanyak.

TTS sajrone pasinaon tetembungan bisa katindakake kanthi klompok lan individu. Bener orane siswa sajrone mangsuli saben pitakonan bakal dipangaribani saka pitakonan-pitakonan saka nomer-nomer liyane. Anannging TTS sajrone pasinaon basa isih teka ing tataran tetembungan. Latihan bakal nduweni fungsi utawa guna menawa diterusake menyang tataran kang luwih dhuwur, yaiku ukara lan wacana (Sumardi, 2000: 97-98).

Aplikasi TTS sajrone pasinaon basa Jawa, yaiku sawisw siswa diterangake ngenani wawancara lan nggatekake tuladha teks wawancara saka guru, banjur nyathet tembung-tembung kang angel. Siswa lan guru banjur bebarengan nggoleki ana ing kamus, siswa ngisi TTS. TTS kasbeut sadurunge wis disiapake dening guru. Tetembungan kang ana sajrone TTS kasebut saperangan gedhe asale saka teks kang wis diwaca. Sawise kasil ngisi sekabehane kothakan ing TTS, siswa banjur nggawe ukara lan mbanjurake nggawe paragraf utawa karangan (teks wawancara kanthi ragam basa krama). Asil panulisan teks wawancara kanthi ragam basa krama kasebut banjur dirembugake, dipriksa,

dipresentasikake, lan dibijij dening guru. Sabanjure, siswa diwenehi tes penguasaan tetembungan lumantar pemahaman teks wawanara kang diwaca.

Adhedhasar aplikasi pasinaon tetembungan luanatar TTS kasebut, katon menawa guru kudu rampil sajrone milih lan nggawe sumber lan medhia, sarta tes pasinaone. Sumber, medhia, lan tes kasebut, yaiku milih teks wawancara kang bisa salaras karo pitakonan ing TTS, ngutus siswa gawe teks wawancara. Kanggo milih teks wawancara siswa sarta tes lan soala sajrone TTS ana saperangan langkah-langkah kang kudu katindakake miturut pamawase (Tartono, 2005:133-136), yaiku:

- (1) Nemtokake sasaran pamaos: bocah, remaja, wong diwasa, wong tuwa, siswa SD, siswa SMP, siswa SMA, mahasiswa, klompok profesi, klompok kasenengan.
- (2) Nemtokake status TTS kang digawe, apa luwih minangka pengsaah pikir utawa minangka panglipur.
- (3) Pitakonan kang dipacak, salaras kanthi komprehensif, lintas ilmu, kudune ngenami sekabehane bidhang ngelmu.

Supaya TTS ora mung minangka cara kanggo nguguh pangeling-eling, panulis TTS kudu nglebokake perangan kang anyar.

METODHE PANLITEN

Setting Panliten

Setting sajrone panliten iki kaperang saka subjek panliten, panggonan panliten, lan wektu panliten. Katelune kaandharake ing ngisor iki.

Subjek Panliten

Subjek panliten iki, yaiku siswa kelas VIII C SMP Negeri Patianrowo Nganjuk taun ajaran 2015/2016 kanthi cacah siswa 27 siswa.

Panggonan Panliten

Panliten iki bakal katindakake ing kelas VIII C SMP Negeri I Patianrowo Nganjuk kanggo mata pelajaran muatan lokal basa Jawa. SMPN 1 Patianrowo manggon ing Jln. Raya Ngepung Kecamatan Patianrowo Kabupaten Nganjuk.

Wektu Panliten


Panliten iki bakal katindakake ing semester gasal taun ajaran 2015/2016. Panetepan wektu panliten ngacu marang kalender akademik sekolah, amarga PTK mbuthuhake saperangan wektu panliten kang efektif ing kelas. Semester gasal lumaku ing anatarne wulan Juli-Desember 2015. Luwih jangkepe ing tabel 4.1 iki.

Jadwal Panliten

No.	Kegiyatan	Wektu Kagiyanan
1.	Persiapan	April – Mei 2015
2.	Ngumpulake dhata prasiklus	Agustus Awal 2015
3.	Siklus I	10 Agustus 2015
4.	Siklus II	7 September 2015
5.	Analisis Dhata	Agustus 2015 – September 2015
6.	Nyusun laporan	Agustus 2015 – Desember 2015

Prosedur Panliten

Panliten iki kantindakake kanthi desain Panliten Tindakan Kelas. Panliten tindakan Kelas, kajabarake dening Arikunto (2006: 2-3) yaiku



- (1) Rencana (*planning*), sajrone komponen iki, guru nindakake tindakan adhedhasar rencana tindakan kang wis direncanakake kanggo ngundhakake proses pasinaon, sikap, solah, lan prestasi siswa.
- (2) Tindakan (*action*), sajrone komponen iki, guru nindakake tindakan adhedhasar rencana tindakan kang direncanakan, minangka upaya ngundhakake proses pasinaon, sikap, solah, lan prestasi siswa.
- (3) Pengamatan (*observing*), sajrone komponen iki guru ngamati dhampak utawa asil saka tindakan kang ditindakake marang siswa. Saka kagiyatan iki, guru bakal ngerti ngenani treatment kang dienggo bisa ngundhakake kawasisasn tetembungan ragam basa krama utawa ora bisa kawasisasn tetembungan ragam basa krama.
- (4) Refleksi (*reflection*), sajrone komponen iki, guru weneh kajian lan weneh tetimbangan kanthi jero ngenani asil lan dhampak saka tindakan kang wis ditindakake kasebut kanthi netepake maneka kriteria kang wis digawe. Adhedhasar asil refleksi ing komponen iki, guru banjur weneh perbaikan awal tumrap kakurangan saengga durung weneh dhampak perbaikan kang apik. (Susilo 2007, 16)

Rencana (*planning*)

Sajrone komponen iki, guru nindakake pasinaon ragam basa krama kanthi teknik TTS. Rencana kasbut kaperang saka:

- (1) Nyusun rencana pelaksanaan pengajaran (RPP) pasinaon ragam basa krama kanthi teknik TTS;
- (2) Nyiapake arahan-arahan kang dibutuhake sajrone teknik TTS;
- (3) Nyiapake instrumen tes lan nontes, kayata lembar observasi, lembar jurnal, lembar wawancara, lan dokumentasi;
- (4) Perencanaan perjanjian karo pihak sekolah.
- (5) Perencanaan perjanjian karo mitra kerja kang bakal akeh pambiyantu. Mitra kerja kasebut minangka dokumenter lan observer kang ngawasi lumakune kagiyatan pasinaon sasuwen panliten.

Tindakan (*Action*)

Sajrone komponen iki, guru nindakake tindakan adhedhasar rencana tindakan kang direncanakan. Banjur ing tahapan tindakan sajrone panliten iki kaperang saka telung tindakan utama, yaiku

apresepsi, kagiyatan inti, lan kagiyatan panutup. Katedune kaandharake kaya ing ngisor iki.

(1) Kagiyatan Apresepsi

Kagiyatan apresepsi sajrone panliten iki, yaiku:

- (1) Guru weneh motivasi marang siswa.
- (2) Guru lan siswa bebarengan ngeling-ngeling materi sadurunge.
- (3) Guru ngandharake inti tujuwan pasinaon kang ngenani kognitif, psikomotor, lan efektif.
- (4) Guru nindakake apresepsi marang siswa kanthi weneh pitakonan langsung *Bocah-bocah, sapa sing ngerti apa wae ragam basa Jawa kuwi?*

(2) Kagiyatan Inti

Kagiyatan inti kang katindakake sajrone panliten iki, yaiku:

- (1) Guru ngandharake materi pasinaon
- (2) Guru weneh kaeempatan marang siswa kanggo tekon ngenani ragam basa krama.
- (3) Guru lan siswa tanya jawab ngenani konsep ragam basa krama.
- (4) Guru weneh tuladha marang siswa ngenani cara ngisi jalur mandhuwur lan mangisor sajrone TTS.
- (5) Siswa gilir gumanti ngisi TTS ing papan tulis.
- (6) Guru mbagi siswa ing saperangan klompok kang kaperang saka 3-6 siswa.
- (7) Guru nyiapake lan mbagi LKS, ngenani ragam basa krama.
- (8) Siswa macakake asil dhiskusine.
- (9) Guru weneh pambiji marang asil kerja siswa lan keaktifan siswa.

(3) Kagiyatan Panutup

Kagiyatan panutup sajrone panliten iki, yaiku

- (1) Guru weneh refleksi marang kagiyatan pasinaon kang wis katindakake.
- (2) Guru weneh kuis prasaja kanggo ngukur ketercapaian pasinaon.
- (3) Guru weneh tugas kanggo pengayaan marang siswa.

Observasi

Sajrone kagiyatan observasi, guru nindakake observasi ngenani aktivitas pasinaom siswa ing kelas nalika nindakake pasinaon kanthi teknik TTS. Banjur uga ditindakake observasi tahapan-tahapan kagiyatan pasinaon dening teman sejaht, yaiku observer kang wis ditunjuk ing tahapan perencanaan. Observer ing kene nduweni tugas ngobservasi aktivitas guru sajrone pasinaon ngundhakake kawasican nggunakake tetembungan ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara. Prosedur observasi sajrone panliten iki, yaiku:

- (1) Nindakake pengamatan aktivitas guru sajrone kawasisasn tetembungan ragam basa krama kanthi teknik TTS.
- (2) Nindakake pengamatan aktivitas siswa sajrone pasinaon kawasisasn tetembungan ragam basa krama kanthi teknik TTS.
- (3) Nindakake pambiji sajrone kawasisasn tetembungan ragam basa krama kanthi teknik TTS.

Asil observasi aktivitas siswa sajrone proses pasinaon kanthi teknik TTS banjur dianalisis. Saka asil

**Ngecakake Teknik Teka-Teki Silang Kanggo Ngundhakake Kawasian Nggunakake Ragam Basa Krama
Sajrone Katrampilan Wawancara Siswa Kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk**

kang diolehake sajrone panliten, banjur direfleksiake kanggo perbaikan pasinaon ing siklus sabanjure.

Refleksi (Reflection)

Sajrone tahap iki bakal ditindakake evaluasi ngenani proses pasinaon kanthi teknik TTS sajrone ngundhakake kawasian nggunakake tetembungan ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara. Proses pasinaon ing tahap pertama banjur dadi tetimbangan kanggo kegiyatan panliten sabanjure kanthi weneh kajian, ndeleng, lan ngrenungake asil utawa dhampak saka tindakan kang wis katindkake lan dicathet ing observasi.

Nglumpukake Dhata

Teknik Observasi

Miturut pamawase Sudjana (2009: 76) observasi, yaiku cara ngumpulake bahan-bahan katrangan kang ditindakake kanthi ngenekake pengamatan lan pencatatan kanthi sistematis tumrap fenomena-fenomena kang didadekake sasaran pengamatan. Sajrone panliten, teknik observasi dienggo kanggo nggambareke aktivitas guru lan aktivitas siswa sajrone pasinaon.

Observasi katindakake dening observer kanthi nggunakake lembar pengamatan. Obsever panliten iki yaiku Bu Wiwik Karwati kanca mulang basa Jawa ing SMPN 1 Patianrowo Nganjuk. Lembar pengamatan kang dienggo yaiku lembar pengamatan aktivitas guru lan lembar pengamatan aktifitas siswa. Wujude lembar pengamatan kalampirake ing ngisor iki.

Format Asil Observasi Aktivitas Guru

No	Jinis Kagiatan	Biji				N.A
		Apik Banget (4)	Apik (3)	Cukup (2)	Kurang (1)	
Pambuka Pasinaon						
1	Mbukak pelajaran kanthi weneh apresepsi					
2	Ngandharake tujuwan pamulangan					
3	Nerangake materi ragam basa Krama					
Inti Pasinaon						
4	Nggunakake TTS sajrone pamulangan					
5	Weneh pitakonan marang siswa ngenani ragam basa Jawa Krama					
6	Nggawe klompok dadi 6 klompok kanggo nggarap lembar kerja nyusun TTS					
7	Nyeluk lan nerangake					

	materi kang bakal digawe TTS marang ketua klompok					
8	Weneh bimbingan marang siswa sajrone kagiyatan dhiskusi nggarap lembar kerja nyusun TTS					
9	Weneh bimbingan siswa nalika nyusun TTS lan presentasi					
10	Panutup Pasinaon					
11	Weneh dudutan tumrap materi ragam basa Jawa Krama lan weneh					
Jumlah						

Format Asil Observasi Aktivitas Siswa

NO	Aktivitas Siswa	Nilai				N A
		Apik Banget (4)	Apik (3)	Cukup (2)	Kurang (1)	
1	Nyiapake diri ing kagiyatan pamulangan (<i>Emotional activities</i>)					
2	Ngrungokake lan nggatekake andharane guru ngenani ragam basa krama (<i>Listening activities, visual activities</i>)					
3	Tekon lan mangsuli pitakonan saka guru (<i>Oral activities</i>)					
4	Gawe klompok karo siswa liyane (<i>Motor activities</i>)					
5	Ketua klompok nemoni lan mirengake andharan saka guru ngenani materi kang bakal dienggo dadi TTS (<i>Motor activities, listening aktivities</i>)					
6	Ketua klompok nerangake materi lan anggota liyane ngrungokake materi (<i>Motor activities, listening aktivities</i>)					

7	Dhiskusi karo kanca liyane, nggarap tugas klompok nyusun LKS (<i>Oral activities, writing activities</i>)				
8	Ijol-ijolan lembar TTS karo klompok liyane				
9	Mangsuli pitakonan lan prsentasi ing ngarep kelas (<i>Motor activities, writing activities</i>)				
10	Weneh dudutan tumrap materi pamulangan lan nindakake evaluasi (<i>writing activities</i>)				
Jumlah Skor Aktivitas Siswa					

Teknik Tes

Tes yaiku pitakonan-pitakonan utawa gladhen sarta piranti liyane kang digunakake kanggo ngukur katrampilan, kawruh, kawasiswaan utawa bakat kang diduwensi dening individu utawa klompok (Arikunto, 2006:150).

Skor Pambiji kanthi Teknik TTS

No	Aspek Pambiji	Kategori Skor			
		apik banget (4)	Apik (3)	Cukup (2)	Kurang (1)
1	Diksi				
2	Pelafalan				
3	Kelancaran				
4	Tata basa				
5	Intonasi				

Saben aspek pambiji sajrone pambiji wawancara kanthi teknik TTS iki nduweni pedhoman sajrone nemtokake kategori apik banget, apik, cukup, lan kurang. Ana saperangan pedhoman pambiji sajrone katrampilan micara wawancara ragam basa krama ing aspek bisa dideleng ing tabel-tabel ngisor ki.

Teknik Analisis Dhata

Dhata Kuantitatif

Dhata kuantitatif arupa asile pasinaon kognitif, dianalisis nggunakake teknik analisis dheskriptif kanthi nemtoakkae biji adhedhasar skor teoritis kang diolehake siswa, prosentase ketunsatasn pasinaon, lan rerata kelas. Penyajiyane kajlentrehake ing wujud prosentase lan angka, mangkene.

(1) Nemtokake biji

Biji katemtokake adhedhasar skor teoritis kang diolehake siswa

$$N = \frac{B}{St} \times 100$$

Katrangan:

N: biji siswa

B: skor siswa sajrone pasinaon

St: Skor Teoritis (Poerwanti dkk., 2008: 14-16)

(2) Ketuntasan klasikal

$$P = \frac{\Sigma \text{ siswa kang tuntas}}{\Sigma \text{ siswa sakelas}} \times 100\%$$

(Aqib,dkk.2008:41)

Katrangan:

P = persentase katuntasan klasikal

Itung-itungan prosentase kanthi nganggo rumus ing ndhuwur salaras karo indikator keberhasilan kang bakal digayuh siswa sajrone pasinaon basa Jawa kango kriteria ketuntasan klasikal yaiku 75%.

(3) Ngitung biji rata-rata

Langkah katelu kang katindakake yaiku ngitung biji rata-rata, kanthi rumus:

$$M = \frac{\sum fx}{N}$$

(Indarti, 2008:26)

Katrangan:

M : biji rata-rata (mean)

Σfx : jumlah sakabehe bijine siswa

N : cacahe siswa

Dhata Kualitatif

Dhata kualitatif arupa asil observasi aktivitas siswa lan aktifitas guru sajrone pasinaon katrampilan wawancara kanthi ragam basa Jawa krama lumantar teknik TTS. Dhata kualitatif dijilentrehake sajrone wujud ukara kang dipisah-pisah miturut kategori kango ngolehake dudutan.

Indikator Pencapaian

Indikator keberhasilan sajrone panliten "Ngecakake Teknik Teka-Teki Silang kanggo Ngundhakake Kawasiswaan nggunakake ragam basa krama sajrone katrampilan wawancara Siswa Kelas VIII C SMP Negeri 1 Patianrowo Nganjuk" iki, yaiku:

(1) Ketuntasan pasinaon siswa kanthi *individu*, kagayuh menawa siswa bisa ngancik biji 75 sajrone pasinaon kawasiswaan tetembungan ragam basa krama kanthi teknik TTS.

(2) Indikator ketuntasan kelas (*klasikal*) bisa ginayah menawa 75% siswa ngancik biji 75 sajrone pasinaon kawasiswaan tetembungan ragam basa krama kanthi teknik TTS.

(3) Indikator keberhasilan kagiyatan siswa lan guru ginayah menawa aktifitas guru lan siswa ngancik predikat apik nganti $\leq 80\%$ sajrone pasinaon kawasiswaan tetembungan ragam basa krama kanthi teknik TTS.

ANDHARAN ASIL PANLITEN

Asil Panliten Siklus 1

Tindakan pasinaon siklus I iki, katindakake ing dina Selasa, tanggal 10 Agustus 2015. Tindakan ing siklus I iki kaperang saka perencanaan (kanthi nyusun RPP lan lembar observasi), pangetrapan tindakan

(observasi, kagiyatan pasinaon, lan tes evaluasi), tahap observasi (aktivitas guru lan aktivitas siswa, sarta tes katrampilan micara), refleksi. Luwih jangkepe kaya ing ngisor iki

	ngukur ketercapaian pasinaon. 3) Guru weneh tugas kanggo pengayaan marang siswa.
--	---

Ngrencanakake Pasinaon

Tahap kang sepisanan sajrone siklus I panliten iki, yaiku rencana panlite. Rencana kasebut kaperang saka:

- (1) Nyusun Rencana Pelaksanaan Pengajaran (RPP) pasianon ragam casa karma kanthi teknik TTS;
- (2) Nyiapake arahan-arahan kang dibutuhake sajrone teknik TTS;
- (3) Nyiyapake instrumen tes lan nontes, kayata lembar observasi, lembar jurnal, lembar wawancara, lan dokumentasi;
- (4) Perencanaan perjanjian karo pihak sekolah;
- (5) Perencanaan perjanjian karo mitra kerja kang bkal awehpambiyantu. Mitra kerja kasebut minangka documenter lan observer kang ngawasi lumakune kagiyatan painaon sasuwene panliten.

Nindakake Panliten

Kagiyatan Pamulangan Siklus I

Kagiyatan	Katrangan
Pambuka	<ol style="list-style-type: none"> 1) Guru weneh motivasi marang siswa. 2) Guru lan siswa bebarengan ngeling-eling materi sadurunge. 3) Guru ngandharake inti tujuwan pasinaon ngenani kognitif, psikomotor, lan afektif 4) Guru nindakake apresepsi marang siswa kanthi weneh pitakonan langsung “Bocah-bocah sapa sing ngerti apa wae ragam basa Jawa kuwi?”
